

Sant Reyabilitasyon Katastwòf Louvri nan Konte Polk

Release Date: Oktòb 23, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – FEMA te Ouvri yon Sant Reyabilitasyon pou Katastwòf nan Konte Polk pou bay èd youn pa youn bay Rezidan Florida yo ki afekte nan Siklòn Milton. Sant lan kapab sèvi tou pou sivivan Siklòn Helene oswa Siklòn Debby yo.

Sivivan yo **pa** bezwen vizite yon sant pou yo aplike pou asistans. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa telechaje [FEMA App](https://www.fema.gov/fema-app) la. FEMA pa distribye lajan kach nan Sant Reyabilitasyon apre Katastwòf yo.

Adrès Sant lan:

Konte Polk

Sant W.H. Stuart
1702 South Holland Parkway
Bartow, FL 33830
Orè: 9 è am - 6 è pm depi Lendi rive Dimanch

Pou w ka jwenn adrès lòt sant ale nan [fema.gov/drc](https://www.fema.gov/drc) oswa voye tèks “DRC” ak yon Kòd Postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki bezwen aksè fonksyonèl epi ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè yo itilize [FEMA App](https://www.fema.gov/fema-app). Ou ka aplike tou nan telefòn nan **800-621-3362**. Si w chwazi aplike nan telefòn, tanpri nou swete w konprann tan atant yo ka pi long akòz volim apèl yo ki ogmante apre plizyè katastwòf ki sot pase yo. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon videyo sou fason pou w aplike pou w jwenn asistans, ale sou [FEMA Accessible: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](https://www.fema.gov/fema-accessible).



FEMA

Page 1 of 2

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon apre Siklòn Milton nan, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Helene nan, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Debby a, vizite fema.gov/disaster/4828. Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2